# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–13 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

सात फेरा में हो रहल लोकसभा चुनावन क चउथा फेरा में आजु प्रदेस क तेरह संसदीय सीटिनि शाहजहांपुर, खीरी, धौरहरा, सीतापुर, हरदोई, मिश्रिख, उन्नाव, फर्रूखाबाद, इटावा, कन्नौज, कानपुर, अकबरपुर अउर बहराइच बदे सान्ति के साथे मतदान हो रहल हौ। मतदान क प्रक्रिया सबेरे सात बजे से सुरू भइल। आखिरी सूचना मिलले ले संझा छौ बजे ले जउनों मतदाता, पोलिंग बूथन पर लाइन लगवले रहले उनकर मतदान करवावल जा रहल हौ। आजु प्रदेस क जवन तेरह संसदीय सीटिनि पर मतदान हो रहल हौ ओइजा कुलि एक सौ तीस ओम्मेदवार मैदान में हवे। चउथा फेरा बदे छब्बीस हजार पांच सौ अट्ठासी पोलिंग बूथ बनावल गइल रहल। शाहजहांपुर जिला क ददरौल विधानसभा उपचुनावों बदे आजु मतदान हो रहल हौ। प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा बतवले कि निष्पक्ष अउर सान्तिपूर्ण मतदान बदे प्रभावी सुरक्षा इंतिजाम कइल गइल।

चुनाव आयोग से मिलल आंकड़ां के हिसाबि से आजु संझा पांच बजे ले प्रदेस में छप्पन दसमलव तीन पांच प्रतिशत मतदान भइल हौ। येह समय ले खीरी में सबसे बेसी बासठ दसमलव सात पांच फीसदी अउर सबसे कम कानपुर में पचास दसमलव नौ एक फीसदी मतदान भइल हौ। अउरियों सीटिनि पर शाहजहांपुर में एक्यावन दसमलव पांच दो फीसदी, धौरहरा में बासठ दसमलव सात दो फीसदी, सीतापुर में साठ दसमलव नौ सुन्न फीसदी, हरदोई में पचपन दसमलव सात तीनि फीसदी, मिश्रिख में चौवन दसमलव तीन सात फीसदी, उन्नाव में तिरपन दसमलव नौ सात फीसदी, फर्रूखाबाद में छप्पन दसमलव नौ तीनि. फीसदी, इटावा में चौवन दसमलव तीन पांच फीसदी, कन्नौज में ओन्सठ दसमलव सुन्न पांच फीसदी, अकबरपुर में पचपन दसमलव दुइ दइ फीसदी, अउर बहराइच में पचपन दसमलव नौ सात. फीसदी मतदाता लोगि संझा पांच बजे ले अपने मताधिकार क प्रयोग कइ लिहले रहले।

**********

प्रधानमंत्री अउर भाजपा क सीनियर नेता नरेन्द्र मोदी बिहने वाराणसी संसदीय सीटि बदे आपन नामांकन परचा दाखिल करिहे। येहसे पहिले आजु संझा उहां के बनारस पहुंचि के मेगा रोड–सो कइ रहल हवे। करीब पांच किलोमीटर लमहर रोड–सो बनारस हिन्दू विश्वविद्यालय के बहरे महामना मदन मोहन मालवीय के मूर्ति पर माला चढ़वले के बादि सुरू भइल। रोड–सो में मोदी समरथकन क हजूम नजरि आ रहलि हौ। येहमन अल्पसंख्यक वर्गो क लोगि सामिल भइले। पीएम मोदी के येह रोड–सो में मुख्यमंत्री अउर भाजपा क सीनियर नेता योगी आदित्यनाथो मौजूद हवे। लघु भारत क दृश्य बनावे वाला ई रोड–सो काशी विश्वनाथ धाम पर पूरा होई।

**********

लोकसभा चुनाव क पचवां, छठवां अउर सतवां फेरा बदे कइगो राजनीतिक दलन क सीनियर नेता लोगि प्रचार अभियान अउर तेज कइ दिहले हवें। मुख्यमंत्री अउर भाजपा क सीनियर नेता योगी आदित्यनाथ आजु बाराबंकी, रायबरेली अउर बांदा लोकसभा सीटिनि बदे चुनावी जनसभा के संबोधित कइलें। येह बिच्चे उहां के कांग्रेस अउर सपा पर निसाना साधत कहलीं कि चउथा फेरा क मतदान के सथहीं मोदी लहर अब सुनामी बनि चुकल हौ। कांग्रेस क स्टार प्रचारक राहुल गांधी अपने चुनावी क्षेत्र रायबरेली में जनसभा के संबोधित कइलें। उहां के मोदी सरकार पर आरोप लागवत कहलीं कि ई सरकार नवजवानन के रोजिगार दिहले के बजाय पकौड़ी छाने के कहति हौ। रायबरेली क जनसभा के राहुल गांधी क बहिन अउर कांग्रेस क स्टार प्रचारक प्रियंका गांधियों संबोधित कइलीं। ओहर कन्नौज में मतदान क हाल जाने बदे पहुंचल सपा प्रमुख अखिलेश यादव मीडिया से बातचीत में दावा कइले कि जनता भाजपा के खिलाफ मतदान कै रहलि हौ। बसपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष मायावती आजु लखनऊ में एगो चुनावी रैली के संबोधित कइ के मोहनलालगंज क अउर लखनऊ सीटि क बसपा ओम्मेदवारन क परचार कइलिनि।

**********

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा परिषद, सीबीएसई आजु दसवीं अउर बरहवीं कक्षा क बोर्ड परीक्षा क परिणाम घोसित कइ दिहले हौ। बरिस दुइ हजार चउबीस में बरहवीं के बोर्ड नतीजन में एक्यानबे दशमलव पांच दुइ फिसदी छात्रा अउर पचासी दशमलव एक दुइ फिसदी छात्र पास भइल हवे। बरहवीं में कुलि सतासी दशमलव नौ आठ फिसदी विद्यार्थी सफल भइल हवें। जबकि दसवीं क बोर्ड परीक्षा में तिरानबे दशमलव छौ शून्य विद्यार्थी पास भइल हवे। येहमन छात्रा लोगिन क भागीदारी चउरानबे दशमलव दुई पांच अउर छात्रन क भागीदारी बानबे दशमलव दुइ सात फिसदी हौ। परीक्षा परिणाम सीबीएसई क आधिकारिक रिजल्ट्स वेबसाइट पर मौजूद हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोसल मीडिया प्लेटफार्म एक्स पर एगो पोस्ट लिखि के सीबीएसई क बरहवीं बोर्ड परीक्षा में पास विद्यार्थियन के बधाइ देत उनके उज्ज्वल भविष्य क कामना कइले हवे।

**********

राजधानी लखनऊ क कुछु स्कूलन के आजु ईमेल भेजिके ओन्हें बम से उड़ावे क धमकी के गंभीरता से लेत पुलिस, बम निरोधक दस्ता के साथे येह स्कूलन में संघन जांचि कइलस। कवनहूं जगहि से कउनो संदिग्ध वस्तु बरामद नइखे भइल। पुलिस धमकी वाला ईमेल क जांचि कइ रहलि हौ।

**********